



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO FÈ YON PLAN ENÈJI AVAN IVÈ A

Pwogram Eta New York yo ede Nouyòkè yo jere itilizasyon enèji, diminye bòdwo enèji yo, ak eksplòre solisyon elektrifikasyon yo

Y ap raple founisè sèvis piblik yo ak kabiran yo pou yo asire rezèv ki adekwa ak kominikasyon kliyan yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare kounye a pou kenbe kay yo ak biznis yo cho nan sezon ivè a. Plizyè ajans ak otorite Eta New York yo ofri pwogram ki ka ede rezidan yo jere itilizasyon enèji, diminye bòdwo elektrik ak chofaj yo, epi ogmante konfò pandan tanperati frèt yo lè yo tanperize epi fè bilding sa yo pi efikas an enèji. Gouvènè Hochul te raple tou founisè sèvis piblik ak kabiran Eta a pou asire gen rezèv ak kominikasyon adekwat ak kliyan yo pou satisfè gwo demann sezon ivènal yo.

"Pandan tan an ap vin pi frèt, Eta New York prepare pou ede rezidan yo ak biznis yo jere itilizasyon enèji yo, maksimize efikasite enèji yo, ak konprann resous ki disponib nan ka ta gen move tan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan konsomatè yo antreprann pwòp planifikasyon yo, sèvis piblik yo ak founisè kabiran yo ta dwe fè estrateji kounye a pou satisfè bezwen konsomatè yo ak amelyore kominikasyon pou diminye entèripsyon sèvis inatandi yo epi reponn ak ijans yo."

Nouyòkè yo ka pwofite pwogram yo ofri atravè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ki bay asistans pou kenbe fanmi yo, patikilyèman moun ki gen revni ba oswa modere yo cho pandan peryòd nan ane a kote konsomasyon enèji ka wo.

Pwogram Eta New York ofri finansman ak asistans teknik ki ka ede pwopriyetè kay yo, lokatè yo, ak biznis yo jere bezwen enèji yo. Sa gen ladan:

- **Aplike pou HEAP.** Apati 1 novanm, y ap aksepte aplikasyon yo pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP), ki ka bay pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo jiska 976 dola tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay yo (egzanp, yon fanmi ki gen kat moun ak yon maksimòm revni mansyèl brit 5,838 dola kapab kalifye). Pou plis enfòmasyon, vizite [NYS HEAP](#).
- **Pwogram Abòdabilite Enèji/Pwogram Rabè sou Bòdwo pou Moun ki gen Revni ki Ba.** Pwogram sa a bay konsomatè ki elijib pou revni yo yon rabè sou bòdwo elektrik ak/oswa kabiran yo chak mwa, ansanm ak lòt avantaj, tou depann de karakteristik pwogram sèvis piblik yo an patikilye. Nouyòkè yo ka enskri otomatikman si yo resevwa avantaj nan yon pwogram asistans gouvènmanal. Pou plis enfòmasyon, yo ta dwe vizite sit entènèt sèvis piblik yo oswa yo ka jwenn lyen yo nan [Preparasyon pou Ivè DPS la](#).
- **Pwogram Sèvis Kominotè yo.** Òganizasyon sèvis yo ak ajans kominotè lokal yo bay èd finansye, sèvis konsèy ak asistans ak ijans sèvis piblik. Nouyòkè yo ka kontakte òganizasyon tankou [Lakwawouj Ameriken \(American Red Cross\)](#) (800-733-2767), [Ame Disali \(Salvation Army\)](#) (800-728-7825), ak [United Way](#) (2-1-1 or 888-774-7633) pou aprann plis.
- **Pran mezi imedya pou pi efikas nan zafè enèji.** NYSERDA ofri konsèy sou ekonomi enèji pou [rezidan ak mèt kay yo](#) epitou biznis yo ki ka bese itilizasyon enèji yo. NYSERDA ofri tou yon seri [pwogram sou efikasite enèji nan kay](#) ki kapab ede ekonomize ak redui depans enèji alontèm. Kliyan ki elijib pou revni yo ka kalifye pou amelyorasyon nan enèji avèk pri redui oswa gratis nan kay yo atravè pwogram [Empower+ la](#) Pwopriyetè kay yo ta dwe tcheke tou ak konpayi gaz ak sèvis piblik lokal yo pou jwenn aksè ak pwodwi ak sèvis rabè yo ki ka ede yo diminye depans enèji yo pandan tout ane a.
- **Resevwa yon lis asistans pèsonalize ki gen rapò ak enèji nan Eta a.** Konseye Enèji New York la kapab ede Nouyòkè ki elijib pou revni yo jwenn pwogram ki ede yo depanse mwens nan enèji epi kreye espas ki pi an sante ak pi konfòtab. Avèk [Konseye Enèji New York la](#), konsomatè yo reponn kèk kesyon senp epi yo konekte avèk òf ekonomi enèji nan Eta New York. Sipòte pa NYSERDA ak konpayi sèvis piblik yo, Nouyòkè ki kalifye yo kapab jwenn èd pou peye bòdwo sèvis piblik yo, resevwa òf espesyal pou ede nan chofaj ak lòt.
- **Priyorite Sekirite pou Chofaj Kay.** Pwopriyetè pwopriyete yo ta dwe evite konekte bilding ki okipe yo ak pi ki pwodui gaz natirèl, paske si yo fè sa li ka danjere epi potansyèlman mòtèl. Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ankouraje tou pwopriyetè pwopriyete ki sèvi ak mazout pou chofaj pou yo enspekte tank depo gaz yopou jwenn fwit oswa devèsman potansyèl yo anvan yo resevwa debakman mazout pou sezon chofaj la. W ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Nouyòkè yo vle rete alèz lakay yo epi biznis yo vle rete ouvè, kidonk pran dispozisyon kounye a pou pwoteje kapasite yo pou fè sa pandan n ap antre nan sezon ivè a gen anpil valè. Nou ankouraje tout Nouyòkè yo

konprann itilizasyon enèji yo epi adopte mezi efikasite enèji yo epi chèche divès kalite sèvis ak pwodwi ki ka ekonomize enèji epi ede redwi depans ki soti nan pòch yo."

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pandan n ap antre nan mwa ivè ki pi frèt yo, nou mande Nouyòkè yo pou yo prepare epi kòmanse planifye itilizasyon enèji yo pou kenbe kay yo ak biznis yo cho pandan y ap kenbe bòdwo elektrik ak enèji yo jis. Sa a se yon bon moman tou pou raple konsomatè yo ke eta New York ofri divès kalite sèvis ak pwodwi ki ede konsomatè yo adopte mezi efikasite enèji epi tou pou jwenn asistans pou redui depans pou rezidan eta yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "An preparasyon pou move tan frèt nan mwa kap vini yo, Gouvènè Hochul ap bay resous ak enfòmasyon Nouyòkè yo bezwen pou ede yo rete cho ak an sekirite. DEC ankouraje pwopriyete pwopriyete yo pou prepare pou sezon fredyè a lè yo asire ke sistèm chofaj kay yo an sekirite pou anpeche potansyèl devèsman oswa lòt pwoblèm, epi chèche sous enèji ki pi pwòp ak solisyon enèji efikas ki ka ede pwoteje alafwa bous nou ak anviwònman an."

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Tanperati konjele yo ka gen konsekans grav ki fè li enpòtan pou Nouyòkè yo prepare kay yo pou mwa ivè yo. Lè y ap chofe kay yo sezon fredyè sa a, Nouyòkè yo ta dwe toujou sonje pou yo chèche fason pou fè kay yo pi efikas an enèji, epitou pou asire ke si yo itilize yon lòt sous chalè, yo dwe itilize li san danje nan yon zòn ki byen vantile."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Ak tanperati aswè a k ap desann anba nivo konjele, li enpòtan pou fanmi ki gen revni ba ak modere yo aji kounye a pou aplike pou asistans nan men HEAP pou yo ka kenbe kay yo cho pandan sezon ivè a. Kounye a se yon bon moman tou pou jwenn aksè ak lòt pwogram ki disponib pou ede redwi depans enèji, tankou pran mezi efikasite enèji pou asire ke ekipman chofaj yo fonksyone byen, sa ki ede ekonomize enèji ak lajan."

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la Rory M. Christian, te deklare, "Nou kontinye kontwòle ak anpil atansyon sèvis piblik k ap sèvi Eta New York pou asire bon jan sous ak pwovizyon elektrisite ak gaz natirèl pou satisfè demann kliyan ke yo prevwa sezon ivè sa a. Eta New York nan kad lidèchip Gouvènè Hochul rete konsantre sou asire fyabilite sistèm enèji nou yo ak pwoteksyon konsomatè yo atravè pwogram efikasite enèji ak rediksyon bòdwo yo."

Yo te raple sèvis piblik Eta New York yo — ki gen ladan Con Edison, Central Hudson, Orange ak Rockland, National Grid, NYSEG, RG&E, National Fuel Gas, ak PSEG-LI — ak founisè gaz chofaj kay yo pou asire rezèv gaz adekwa, plan ijans, ak pou kominike ak kliyan yo pou ede yo jwenn aksè ak pwogram asistans yo, evite entèwonp sèvis yo epi rete cho. Aksyon yo genyen ladan yo:

- Raple kliyan komèsyal ki itilize doub gaz ak sistèm entèriptib pou ranpli tank gaz altènatif yo epi pou yo kenbe ak enspekte tank depo gaz yo pou yo ka jwenn fwit oswa devèsman potansyèl yo anvan yo resevwa anbakman gaz.
- Revize plan ijans ki abòde entèripsyon nan rezèv gaz altènatif, epi prepare pou travay ak ajans gouvènman lokal ak eta a pou pwoteje sante ak sekirite piblik la lè tanperati yo desann anba 20 degre.
- Enfòmè kliyan sou sant rechofman yo, manje cho, ak aksè ak yon lis mèt plonbye nan ka tiyo yo jele nan bilding ki pa chofeyo.
- Kowòdone avèk Operatè Sistèm Endepandan New York (New York Independent System Operator, NYSISO) la ak gwo jeneratè kouran pou ankouraje operatè doub kabiran yo ranpli tank yo anvan sezon chofaj ivè a epi enspekte tank depo gaz yo pou potasyèl fwit oswa devèsman anvan yo resevwa anbakman gaz.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35%, avèk yon objektif 40%, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70% pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000% nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)